



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REVELE PWOPOZISYON POU SIPÒTE SEKOURIS, ANSYEN MILITÈ AK VIKTIM KRIM YO

Nouvo inisyativ yo ap rekrute, fòm epi fòm sekouris yo, sipòte sila ki mete tèt yo an danje pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite

Sipò pou veteran ak investisman enpòtan nan sante mantal epi pwopoze lejislasyon pou ogmante sipò pou fanmi etwal lò yo

Ogmante resous pou viktim krim yo lè yo ogmante limit konpansasyon epi konsakre plis finansman pou Sant Defans Timoun yo

Pwopozisyon yo apiye angajman kontini Gouvènè a pou fòs lòd la ak anplwaye ki nan premye liy yo; Ogmante konpansasyon ak sèvis sipò pou viktim yo

Gouvènè Kathy Hochul te revele jodi a yon seri pwopozisyon ki vize pwoteje sekouris yo, ogmante resous pou fòmasyon ak rekritman epi sipòte veteran ak viktim krim yo nan kad Diskou li a sou Sitiyasyon Eta a an 2025. Gouvènè a te pwopoze nouvo inisyativ yo pou ogmante kantite sekouris k ap sèvi kominote nou yo epi sipòte yo ak fòmasyon ak resous sante mantal. Gouvènè a te pwopoze tou nouvo inisyativ pou sipòte veteran New York yo, epi pou sipòte viktim krim yo.

"Nou tout gen yon gwo dèt pou sekouris yo ki mete yon inifòm chak jou pou sèvi kominote yo renmen an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M ap mete sekirite kominote nou yo an premye ak nouvo inisyativ yo ki ouvri wout pou sèvis piblik, bay sipò ki enpòtan pou sekouris ak veteran yo, epi ogmante asistans pou fanmi Etwal Lò yo."

Sipòte Sekouris yo

Lanse yon Pwogram Bousdetid nan Oryantasyon pou Sekouris (First Responder Counseling Scholarship Program)

Sekouris yo fè fas ak defi sante mantal ki inik, men yon rate konseye familyal pou kominote sekours la kreye yon defisi nan swen. Baryè finansye yo souvan anpeche yo pouswiv diplòm yo, ki limite disponiblite pwofesyonèl sante mantal ki konpetan sou plan kiltirèl yo. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul ap lanse Pwogram Bousdetid nan Oryantasyon pou Sekouris nan State University of New York (SUNY). Inisyativ sa ap

sipòte sekouris yo pou pouswiv diplòm konsèy yo epi ofri mikwo akreditasyon nan domèn tankou swen ki konsidere twomatis ak lidèchip nan soutyen ant kamarad. An retou de yon bousdetid, benefisyè yo ap angaje pou sèvi kòm konseye nan Eta Nouyòk, k ap kreye yon rezo pwofesyonèl sante mantal ki ekipe sèlman pou sipòte kominote sekouris la.

Elimine Ansyen Baryè nan Rekritman Sekirite Piblik

Règ rekritman piblik ansyen yo limite kapasite ajans sekirite piblik yo pou atire kandida ki kalifye, ekskli moun ki gen eksperyans ki valab epi agrave rate pèsonèl la. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul ap modènize règ pwofesyonèl yo pou ogmante pakou pou kandida ki kalifye yo. Sa genyen ladan l, ogmantasyon laj retrèt nan Polis Eta Nouyòk pou pase a 63 epi retire restriksyon limit laj 35 an maksimòm pou rekritman nan fòs lòd la, epi pèmèt moun ki pa rezidan New York yo aplike pou pozisyon ofisye koreksyonèl. Chanjman sa yo ap asire ke ajans yo ka tire nan yon resous aplikan ki pi gran.

Elaji Pakou Edikatif yo nan Karyè Sèvis Piblik yo

Anpil Nouyòkè fè fas ak baryè pou pouswiv karyè nan sekirite piblik akòz pwogram fòmasyon ki pa aliyen epi limite opòtinite pou avansman. Gouvènè Hochul ap fè patenarya ak SUNY ak City University of New York (CUNY) pou bay kredi akademik pou pwogram fòmasyon nan sekirite piblik epi entegre kredi sa yo nan pakou diplòm yo. Efò sa yo ap atire plis kandida nan karyè sekirite piblik yo epi bay opòtinite pou avansman pou sila yo k ap travay aktyèlman nan sekirite piblik.

Sekirize Finansman Sipleman pou Enfrastrikti pou Ponpye Volontè ak Pwogram Sibvansyon Ekipman pou Sekouris (Volunteer Fire Infrastructure and Response Equipment Grant Program)

Sèvis volontè ponpye a pwoteje plis pase 45 pousan Nouyòkè, kidonk anpil depatman manke zouti ak infrastrikti ki nesèsè pou lit kont ensandi modèn. Ekipman ki demode ak etablisman ki ansyen yo mete alafwa sekirite ponpye ak preparasyon pou risk yo an danje. Gouvènè Hochul ap sekirize finansman sipleman pou pwogram sibvansyon V-FIRE a, k ap pèmèt depatman yo revove oswa konstui estasyon ponpye konfòm ki ekipe pou reponn ak bezwen yon mendèv ki divèsifye.

Kenbe Ponpye yo an Sekirite ak Pi Bon Ekipman Pwoteksyon

Ponpye brav nou yo riske lavi yo nan fason dezenterese pou pwoteje kominote nou yo, k ap fè fas ak chalè imans ak kondisyon ki danjere. Pou sekirize iwo sa yo, yo depann de ekipman pwoteksyon ki espesyalize ki fèt pou reziste ak tanperati ekstrèm epi repouse dlo ak lwil. Pandan plizyè ane, ekipman esansyèl sa te kenbe malerezman kontaminan k ap soti pou sibstans polifliyoriyalkil (per-and polyfluoroalkyl substances, PFAS). Prèv k ap evolye te revele danje potansyèl nan ekspozisyon PFAS, ki soulve enkyetid konsènan sante alontèm ak sekirite ponpye nou yo menm si nou kontinye travay pou limite emisyon kontaminan sa nan lè, tè ak dlo New York yo. Lè li rekonèt bezwen pou pwoteje alafwa ponpye ak anviwònman an, Gouvènè Hochul ap entwodui lejislasyon an pou entèdi vant ekipman ensandi ki genyen PFAS nan eta a. Mezi sa ap ede asire ponpye nou yo gen aksè nan ekipman pwoteksyon pi bon kalite epi ki pi

sekirize ki disponib pandan l ap diminye risk sante piblik potansyèl ak enpak anviwòmantal pwodui chimik sa yo. Lejislasyon an ap antre anviyè an 2028.

Etabli yon Ekip Repons kont Kriz Vyolans an Mas

Ensidan vyolans an mas yo, ki enkli fiziyad makèt Tops nan Buffalo an 2022 a, te ekspoze eka nan kapasite Eta Nouyòk pou bay soutyen ki imedyà pou viktim ak sivivan yo. Reta nan finansman ijans, aksè ki limite nan sèvis sante mantal ak resous ki pa apwopriye pou bezwen debaz yo te mete aksan sou bezwen pou yon repons ki pi efikas. Pou abòde defi sa yo, Gouvènè Hochul ap etabli yon Ekip Repons kont Kriz Vyolans an Mas la, ki dirije pa Biwo Sèvis Viktim lan (Office of Victim Services, OVS), nan patenarya ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan. Ekip sa ap asire soutyen ki rapid, kowòdone pou sivivan yo ak kominote yo, k ap abòde bezwen imedyà apre evènman sa yo.

Envesti nan Resous pou Viktim Krim yo

Ogmante Sèvis Soutyen pou viktim yo pou pwoteje popilasyon ki vilnerab yo

Pwogram sèvis pou viktim New York la ofri soutyen ki esansyèl men ki pa abòde bezwen adilt ki pi aje epi ki enfim, ki sibi abi finansye yo epi reponn a bezwen fanmi viktim omisid yo. Limit konpansasyon ki egziste, limit ranbousman ki ansyen ak kritè kalifikasyon restriktif ki limite soutyen ki efikas pou popilasyon vilnerab yo. Pou abòde pwoblèm sa yo, Gouvènè Hochul pwopoze ogmante konpansasyon pou viktim twonpri yo, ogmante limit ranbousman sou fineray, ogmante kouvèti netwayaj sèn krim yo epi elimine baryè tankou konsiderasyon konduit ki kontribye.

Asire yo sipòte nan nivo maksimòm vikti krim ki timoun yo

Yon timoun ki vin viktim yon krim se pi move kochma chak paran, espesyal an lè krim nan gen nati vyolan. Lè sa rive, fanmi yo dwe pase pa liy difisil pou pouswiv jistis la pandan y ap pwoteje jèn pwòch yo pou yo pa re-eksperimante krim epi soulaje de krim ak twomatis. Sant Defans Timoun yo bay yon anviwòmman ki favorab pou timoun, ki sekirize, ki bay sipò pou viktim abi, oswa neglijan ak krim, ki se timoun yo. Timoun ak pwochèch yo gen aksè nan defans viktim, soutyen sante mantal ak egzamen medikal ki espesyalize de yon ekip pwofesyonèl ki nan plizyè disiplin. Ane sa, Gouvènè Hochul ap double finansman pou Sant Defans Timoun yo pou asire ke pandan timoun yo ap resevwa sèvis piblik ak sipò, yo gen yon defans inik ki travay avèk yo ak fanmi yo nan tout pwosesis la. Sa ap asire jèn viktim krim yo ak fanmi yo prepare epi resevwa sipò pa menm adilt yo fè konfyans yo nan chak etap nan pwosesis la.

Ede Veteran yo ak Fanmi yo

Ranfòse Inisyativ Prevansyon Swisid Veteran yo

Veteran nan New York yo fè eksperyans to swisid ki pi wo anpil pase popilasyon jeneral la, akòz pousantaj twoub estrès apre twomatis ak depresyon. Apeprè youn sou kat veteran nan New York eksperimante kondisyon ki ogmante risk pou swisid yo anpil. Atravè Defi pou Anpeche Swisid Pami Manm Sèvis, Veteran ak Fanmi Militè, nasyonal

Gouvènè a, New York te devlope apwoch ki inovan pou diminye swisid veteran yo. Pou apiye efò sa yo, Gouvènè Hochul ap sekirize nouvo finansman pou ogmante inisyativ prevansyon swisid yo. Sa ap genyen ladan l fòmasyon evalyasyon risk ki ranfòse, zouti sansibilizasyon, pwogram sekirite zam ak aksè ki amelyore nan sèvis telesante mantal pou veteran nan tout eta a.

Ogmante Sipò pou Fanmi Etwal Lò yo

Byenke Eta Nouyòk onore fanmi manm sèvis ki tonbe yo, Pwogram aktyèl Rant pou Paran Etwal Lò a (Gold Star Parent Annuity Program), bay benefis sèlman pou paran manm sèvis ki mouri nan konba, mari/madanm timoun ak fanmi sila ki mouri pandan fonksyon aktif ki pa konba yo pa ladan.

Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon an pou elaji pwogram sa pou antre tout manm fanmi pwochè manm sèvis ki mouri pandan yo nan fonksyon aktif. Anplis, Gouvènè a ap fè otorizasyon lejislasyon an pwogrese nan Depatman Veyikil Amotè (Department of Motor Vehicles) a pou pibliye plak lisans komemorasyon pou manm fanmi Etwal Lò yo, ki reflekte gratitud New York pou sakrifis yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)